


## ЦУППАРИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД

***Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон гадзирахаттæй æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тохмæ Будури Дæргъæвси цæргутæй рандæй 366 адæймаги. Фулдæр, уой дæр айдагъ нæлгоймæгтæ нæ, фал ма æригон кизгуттæ дæр... Аци гъæуи тугъдонтæй 101, сæ фулдæр хуæрз æригон уогæй, сæ фидиуæзæгбæл нæбал исæмбалдæнцæ, сæ цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау. Уони рохс нæмттæ æностæмæ исцитгин кæнуни туххæй гъæуи дзиллæ син ниввардтонцæ, мæнæ къари ке уинетæ, еци номерæн циртдзæвæн...***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№5 (786) 2021 анзи 17 февраль – комахсæни мæйæ



# ГУЛУТИ ХИЗИР... КАДГИН – Æ КАРНÆ, ЦИТГИЙНАГ – Æ РОХС НОМ...

***Аци къарæмæ кæсгæй, æруагæс дæр ни нæ кæнуй, нæ кадгиндæр хестæртæй еу, ГУЛУТИ Темурхъани фурт Хизир не ’хсæн ке нæбал æй, е. Æрæги, евгъуд сабати ин адтæй æ рамæлæти дууинсæй боней кæндæ. Æма уоми ци берæ дзиллæ бамбурд æй, уонæй еу хъæбæр хъонцгæнгæй нийнæфтæй: «Гулути устур тургъæмæ тæфирфæс кæнунмæ ку бацудтæн, уæд мæмæ уотæ кастæй, цума нуртæккæ мæ размæ иннæ хæттити хузæн рацæуудзæнæй Хизир æхуæдæг... Гъе уоййасæбæл хеуон мин адтæй æма, ци 'рцудæй, е ’носон дуйнемæ ке банæхстæр æй, уой бæргæ лæдæрун, уæддæр зæрдæ ба нæ арази кæнуй, цардæгас ке нæбал æй, уобæл...»***

***Уотæ ма, æвæдзи, гъуди кæнунцæ, Хизири ка зудта, етæ. Зонгæ ба ’й беретæ кодтонцæ айдагъ Иристони нæ, фал æнæгъæнæ Цæгат Кавкази дæр æма Уæрæсей берæ рауæнти дæр. Зудтонцæ ’й æма син хеуон адтæй куд нæ Фидибæсти æма нæ адæми сæрбæлтау æновудæй хъиамæтгæнæг, куд уодикондæй кæдзос æма раст, зæрдхæлар адæймаг, хуæрзæгъдау хестæр... Берæ арфиаг хабæрттæй æримисун æнгъезуй Гулути Хизири рохс ном, æма нæ газети равгитæ куд амонунцæ, уомæ гæсгæ бал абони мухур кæнæн еу æрмæг (4-5 фæрстæбæл). Лæдæрæн æй, е фагæ нæй æма, куд гæнæн ма нин уа, уомæ гæсгæ фæстæдæр æндæр æрмæгутæ дæр мухур кæндзинан.***



## АФГАНИ ТУГЪД: Æ НАМУС ÆМА Æ РИСТ НÆ НИДÆН КÆНУНЦÆ НÆ ЗÆРДИТИ...

Уотæ рауадæй, æма Фидибæстæ гъæуайгæнæги Бони (23 феврали) размæ (15 феврали) Уæрæсей бæрæггонд фæццæуй тугъдонтæ-интернационалистти номерæн Бон. Бæлвурдæй еци бон ба уомæ гæсгæ бæрæггонд цæуй, æма дууадæс æма инсæй анзей размæ (1989 анзи) раст еци бон Афганистани зæнхæй рацудæй, советон æфсæдтæй уордигон тугъди ка архайдта, уони фæстаг къуар. Уоййадæбæл кæронгонд æрцудæй еци тугъди Советон Цæдеси архайдæн – архайгæ ба си фæккодта фараст анзей дæргъи æма нæ адæмæн æгæрон иссæй æ æверхъаудзийнадæ, нæ фæсевæди хуæздæртæ уоми се ’фсæддон ихæс рæстзæрдæй æнхæст кæнгæй фæммард æнцæ... Цæмæн æма цæй сæрбæлтау?.. Аци фарста цал æма цал анзей дæргъи гъезæмарæ кæнуй нæ дзилли сæри зунд æма ин дзуапдæттæг ба ку нæййес нерæнгæ дæр ма...

Афганистани 1979 анзи тугъдон буцæутæ ку райдæдтонцæ, æма си хъæбæр тæссаг уавæр ку исæвзурдæй, уæд еци бæсти уæдиккон разамунд Советон Цæдеси хецауадæй ракурдтонцæ, цæмæй син тугъдон гæнæнтæй фæййагъаз кæнонцæ.

7

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 357 СОМИ 36 КЪАПЕККИ. (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 315 СОМИ 90 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.

***Паддзахадон программӕ «Гъӕууон фӕзуати еумӕйаг райрӕзт»-и архайгӕй гъӕути ка цӕруй ӕма косуй, уотемӕй ба сӕ цардиуаги уавӕртӕ фӕххуӕздӕр кӕнуйнаг кӕмӕн ӕнцӕ, уонӕн паддзахади ‘рдигӕй агъазгонд цӕуй. Ӕрӕги уой туххӕй сӕрмагонд сертификаттӕ лӕвӕрд ӕрцудӕй цуппар гъӕууон цӕрӕгемӕн.***

# АХСГИАГ ГЪУДДӔГУТӔ ӔМГУСТАДИ ФӔРЦИ ӔНТӔСУНЦӔ!..


Зӕрӕмӕги гидростанцити арӕзтадӕ

***Мӕскуй косӕг балций уогӕй, Цӕгат Иристони Сӕргълӕуууӕг БИТАРТИ Вячеславӕн адтӕй цалдӕр фембӕлди федералон хецауади хецӕн къабӕзти разамонгути хӕццӕ.***

### НӔУӔГ КУСТУӔТТИ ФӔРЦИ ФӔФФУЛДӔР УОДЗӔНӔЙ КОСӔН БУНӔТТИ БӔРЦӔ

Уӕрӕсей Федераций энергетики министр **Николай Шульгинови** хӕццӕ фембӕлди рӕстӕг дзубанди цудӕй регионы электроэнергетики инфраструктури райрӕзти хӕццӕ баст фарстатӕбӕл.

Битарти Вячеслав куд баханхӕ кодта, уотемӕй нуртӕккӕ Цӕгат Иристони разамунд компани «РусГидро»-й размӕ фарста исӕвардта, цӕмӕй фӕуурухдӕр уа Зӕрӕмӕги ГЭС-и комплекс. Зӕрдӕбӕл дарун гъӕуй, нуртӕккӕ куст кӕбӕл цӕуй, еци хуӕнхон-рекреацион комплекс «Мамисон» ку исцӕттӕ уа, уӕд ӕй электрон тухӕй ӕфсадун ке гъӕудзӕнӕй, уой.

Зӕгъун гъӕуй уой, ӕма фарӕ компани «РусГидро» республики исӕнхӕст кодта ахсгиаг инвестицион проект, Зӕрӕмӕги ГЭС-1 эксплуатацимӕ ратгӕй. Станцӕ косун ке райдӕдта, е ахсгиаг цау иссӕй республики царди – уой фӕрци фӕззиндтӕй косӕн нӕуӕг бунӕттӕ, фӕббӕрзонддӕр кодта республики энергетикон ӕфсесадӕ, фӕххуӕздӕр ӕнцӕ социалон-экономикон уавӕри бӕрӕггӕнӕнтӕ.

Битари-фурт ма куд радзурдта, уотемӕй Цӕгат Иристони энергетикон гъомусадӕ фӕббӕрзонддӕр кӕнуни нисани хӕццӕ арӕзт цӕудзӕнӕнцӕ минкъий ГЭС-тӕ. Нуртӕккӕ куст цӕуй ӕртӕ уӕхӕн минкъий электростанций проекттӕбӕл.

– Аци инвестицион проекттӕ ӕнхӕстгонд ку ‘рцӕуонцӕ, – загъта нӕ республики разамонӕг, – уӕд хуӕрзӕрдӕмӕ зингӕ исахеддзӕнӕнцӕ, куд республики еумӕйаг экономикон уавӕрбӕл, уотӕ бюджети ӕфтуйӕггӕгти ирӕзт дӕр. Аци проекттӕ царди рауадзуни гъуддаги мах корӕн федералон министради агъаз.

Зундгонд куд ӕй, уотемӕй федералон Хецауади ӕмвӕзадӕбӕл федаргонд ӕрцудӕй гази артаги станцити арӕзтади федералон программӕ. Ӕма аци фембӕлди рӕстӕг Битари-фурт куд фегъосун кодта, уотемӕй Цӕгат Иристони Хецауадӕ афойнадӕбӕл курдиадӕ балӕвардта федералон центрмӕ, цӕмӕй нин уӕлдӕр программи архайди равгитӕ райдарддӕр кӕнунӕн ӕма инвестортӕн сӕ хӕрзти еу хай исӕхгӕнуни туххӕй федералон бюджетӕй радех кӕнонцӕ 160 миллион соми. Фал федералон Хецауадӕ республики нӕ бахаста, гази артаги инфраструктурӕ фиццаградон ӕгъдауӕй арӕзт кӕми цӕудзӕнӕй, еци авд ӕма инсӕй регионей номхигъдмӕ.

– Федералон Хецауадӕй мах корӕн, цӕмӕй Цӕгат Иристон дӕр бахӕссонцӕ еци номхигъдмӕ, – загъта Битарти Вячеслав, – уомӕн ӕма республики зӕнхӕбӕл цӕунцӕ, Уӕрӕсе Гурдзий, Сомех ӕма Хонсар Иристони хӕццӕ ка бӕттуй, еци федералон нисанеуӕги нӕдтӕ. Ӕма, ке зӕгъун ӕй гъӕуй, еци ахсгиаг автомобилон нӕдти алливарс гъӕуама фулдӕр арӕзт цӕуа гази артаги станцитӕ. Инвесторти хӕццӕ куд бадзубанди кодтан, уотемӕй республики уӕлӕнхасӕн гъӕуама арӕзт ӕрцӕуа гази артаги дӕс станций. Аци проекттӕ царди рауадзунӕн равгӕ уодзӕнӕй айдагъдӕр ӕмӕфсесади уагӕвӕрди бундорбӕл.

Сӕрмагондӕй дзубанди цудӕй биоэтаноли рауагъдадӕ рапарахат кӕнуни фарстамӕ дӕр. Республики разамонӕги дзубандимӕ гӕсгӕ, спъирти продукциуадзӕг дӕс кустуатей (сӕ еумӕйаг хъаурӕ – продукций 72 мин декалитри еу суткӕмӕ) разамунд нуртӕккӕ дӕр цӕттӕ ‘нцӕ биоэтаноли рауагъдмӕ рахезунмӕ. Ес си, уой туххӕй ци технологон ефтонггарз гъӕуй, е ӕнӕгъӕнӕй дӕр.

– Нуртӕккӕ еци заводтӕ ӕгустӕй лӕуунцӕ, – загъта нӕ республики разамонӕг. – Ӕма нӕуӕгӕй продукци уадзун ку райдайуонцӕ, уӕд си уой фӕрци уодзӕнӕй ӕртӕ мин косӕн бунатемӕй фулдӕр. Уомӕй уӕлдай никкидӕр ма фӕззиндзӕнӕй уӕлӕнхасӕн фондз мин косӕн бунати, аци кустади хӕццӕ баст ка ‘й, еци къабӕзти. Ахсгиаг ӕй е дӕр, ӕма еци заводтӕ республики еугур муниципалитетти дӕр ке ӕрбунӕттон ӕнцӕ, ӕма етӕ нӕуӕгӕй ку искосонцӕ, уӕд ахедгӕдӕр хузи лухгонд цӕудзӕнӕнцӕ берӕ социалон фарстатӕ – районти цӕргутӕн фӕззиндзӕнӕй уӕлӕнхасӕн косӕн бунӕттӕ, фулдӕр ӕфтуйӕггӕгтӕ цӕудзӕнӕй федералон ӕма республикон бюджеттӕмӕ.


Дондзӕуӕнти арӕзтадӕ гъӕути

### ИННӔ АНЗ БА ФӔРӔЗНИТӔ РАДЕХ КӔНДЗӔНӔНЦӔ ДОНУАДЗӔНТИ РАЙАРӔЗТӔН

Уӕрӕсей Федераций арӕзтадӕ ӕма цӕрӕнуатон-коммуналон хӕдзаради министр **Ирек Файзуллини** хӕццӕ фембӕлди ба сӕрмагонд ӕргом раздахтонцӕ, фиццаградон национ проект «Цӕрӕнуӕттӕ ӕма сахайраг алфамбулай»-и фӕлгӕти ци мадзӕлттӕ ӕнхӕст кӕнуй, уомӕ.

Битарти Вячеслав ӕ радзубандий куд фегъосун кодта, уотемӕй уӕлдӕр амунд национ проекти уагӕвӕрдмӕ гӕсгӕ 2020 анзӕн нисангонд еугур кустitӕ дӕр афойнадӕбӕл ӕнхӕстгонд ӕрцудӕнцӕ. Евгъуд анзи республики исаразтонцӕ цӕрӕнуӕтти 239 094 квадратон метри. 2021 анзи ба еци бӕрӕггӕнӕн гъӕуама исхеза 248 мин квадратон метрей бӕрцӕмӕ. Республики профилон ведомствитӕ ӕма подрядон организацитӕ нури уӕнгӕ ӕнхӕст кӕнунцӕ еугур организацион ӕма арӕзтадон мадзӕлттӕ дӕр, цӕмӕй анзи кӕронмӕ еци нисантӕ дӕр къохи бафтуйуонцӕ.

Дзубандий архайгутӕ ӕркастӕнцӕ, Республикӕ Цӕгат Иристон-Аланий идарддӕри социалон-экономикон райрӕзти фӕдбӕл ци сӕрмагонд мадзӕлтти пълан исфедар кодта, уой уагӕвӕрдтӕ ӕнхӕст кӕнуни гъуддагмӕ дӕр. Зундгонд куд ӕй, уотемӕй еци пълани бундорбӕл Цӕгат Иристони арӕзт ӕма цалцӕггонд ӕрцӕудзӕнӕнцӕ ахсгиаг социалон объекттӕ. Уомӕ гӕсгӕ ба фембӕлди рӕстӕг сӕрмагонд ӕргом раздахтонцӕ скъолатӕ ӕма рӕвдауӕндӕнтти арӕзтадӕмӕ, уӕдта сахар Беслӕни социалон ӕма коммуналон инфраструктури объектти райарӕзтмӕ. Фембӕлди архайгутӕ фӕббӕстондӕр кодтонцӕ, аци мадзӕлттӕ ӕнхӕст кӕнунӕн финансон фӕрӕзнитӕ куд дехгонд цӕудзӕнӕнцӕ, уой фӕткӕ.

Фембӕлди иннӕ ахсгиаг фарста адтӕй республики донӕфсесади системи райарӕзт дӕр. Битарти Вячеслав федералон министри ӕргом комкоммӕ раздахта Алагири районы донуадзӕн хӕтӕлтӕ ӕма донӕфсесади системи цалцӕги фарстамӕ. Ӕ дзубандимӕ гӕсгӕ, районы донуадзӕн хӕтӕлтӕ хъӕбӕр ке бафехсудӕнцӕ, уой фудӕй бунӕттон цӕргутӕ ахид гъӕуагӕдзийнадӕ баййафунцӕ ниуазуни донӕй. Нур аци фарста лухгонд цӕудзӕнӕй федералон центри харзӕй. Донуадзӕнти райарӕзтӕн гъӕугӕ фӕрӕзнитӕ радех кӕндзӕнӕнцӕ 2022 анзи.

### «МАМИСОН» ИСУОДЗӔНӔЙ ЦӔГАТ КАВКАЗИ АГЪАЗИАУДӔР КУРОРТ

Битарти Вячеславӕн ма ци косӕг фембӕлд адтӕй Уӕрӕсей Федераций экономикон ирӕзти министри хуӕдӕййевӕг **Сергей Назарови** хӕццӕ, уой рӕстӕг ба сӕрмагонд ӕргом раздахтонцӕ туристон-рекреацион комплекс «Мамисон»-и арӕзтадӕмӕ, уӕдта ма Республикӕ Цӕгат Иристон-Аланий идарддӕри социалон-экономикон райрӕзти ӕндӕр фарстатӕмӕ.

– Махӕн уӕлдай ахсгиаг ӕй федералон хецауади еугур къабӕзти ‘рдигӕй дӕр нӕ регионы идарддӕри социалон-экономикон райрӕзти гъуддаги нин цӕйбӕрцӕбӕл агъазгонд цӕуй, е, – ӕ радзубандий баханхӕ кодта Битарти Вячеслав. – Уӕлдай берӕвӕрсуг ӕй Федераций экономикон ирӕзти министради лӕмбунӕг ауодундзийнадӕ. Нуртӕккӕ республикӕ ӕ экономикон архайди ӕвдесуй ирӕзти бӕрӕггӕнӕнтӕ, ӕма еци ӕуууӕл, ке зӕгъун ӕй гъӕуй, ахедуй регионы еумӕйаг уавӕрбӕл.

Цӕгат Иристони разамонӕг идарддӕр ӕ дзубандий куд фӕббӕрӕг кодта, уотемӕй регионы ахсгиагдӕр проекттӕй еу ӕй «Мамисон». Е исонибони исуодзӕнӕй Цӕгат Кавкази туристон кластери агъазиаудӕр курорт. Зундгонд куд ӕй, уотемӕй 2021-2023 ӕнзти федералон бюджет уой арӕзтадӕн радех кӕндзӕнӕй 6,4 миллиард сомей бӕрцӕ.

«Мамисон»-и арӕзтади фӕдбӕл организацион фарстатӕбӕл раздӕр бӕрнон адтӕй экономикон ирӕзти министри раздӕри фиццаг хуӕдӕйййевӕг Михаил Бабич. Нур ба еци фарста ӕй министри иннӕ хуӕдӕйййевӕг Сергей Назарови бӕрнӕхсти.

Битари-фурт ӕ радзубандий баханхӕ кодта:


«Мамисон»-и комплекси арӕзтадӕ

– Президент Владимир Путин проекти арӕзтадӕмӕ бавналуни фӕдбӕл ци сӕрмагонд амунддзийнӕдтӕ равардта, уони царди рауадзунбӕл косӕн. Нури уӕнгӕ аразгутӕ бавналдтонцӕ Мамисони коммӕ надбӕл тъунели райарӕзтмӕ.

Куд ма загъта, уотемӕй рагацау федаргонд пълани бундорбӕл арӕзт цӕудзӕнӕнцӕ еугур иннӕ куститӕ дӕр.

Фембӕлди архайгутӕ куд фӕннисан кодтонцӕ, уотемӕй Цӕгат Иристонӕн уӕлдай ахсгиаг ӕй, Уӕрӕсей Федераций Президенти амунддзийнӕдтӕ ӕнхӕст кӕнгӕй, республики идарддӕри социалон-экономикон райрӕзтӕн агъаз кӕнуни нисани хӕццӕ федералон Хецауадӕ 2018-2025 ӕнзтӕн ци сӕрмагонд мадзӕлтти пълан исфедар кодта, уой ӕнӕгъӕнӕй афойнадӕбӕл ӕнхӕст кӕнун дӕр. Ӕма цӕмӕй уотӕ уа, уобӕл ба нури уӕнгӕ ахедгӕ куст цӕуй. 2020 анзи ноябри еци пъланмӕ бахастонцӕ еуӕй-еу ӕййивддзийнӕдтӕ.

Етӕ баст ӕнцӕ, сахар Беслӕни ирӕзти генералон пъланмӕ ци ахсгиаг объекттӕ бахастонцӕ, уони арӕзтади хӕццӕ. Еци нӕуӕгдзийнӕдтӕ хуарзбӕл банимайгӕй, дзубандий архайгутӕ фӕббӕлвурд кодтонцӕ, профилон федералон ведомствитӕ ӕма республики Хецауадӕ еци нисантӕбӕл куд косдзӕнӕнцӕ, уой фӕткӕ.

***

Аци хабӕрттӕмӕ гӕсгӕ ма уой дӕр зӕгъун гъӕуй, ӕма «Мамисон»-и арӕзтади фарстатӕмӕ Цӕгат Иристони разамунди ‘рдигӕй хъӕбӕр лӕмбунӕг цӕстдард цӕуй. Зӕгъӕн, нӕ республики Хецауади Сӕрдар **Тускъати Таймурази** разамундӕй ӕрӕги арӕзт ӕрцудӕй сӕрмагонд ӕмбурд, кӕцими бӕлвурдӕй ӕрдзубанди кодтонцӕ аци хуӕнхон-рекреацион комплекси идарддӕри райрӕзти фарстатӕбӕл.

Архайдтонцӕ ма си Сӕрдари хуӕдӕйййевгутӕ **Сӕбӕтхъуати Ӕхсарбег**, **Кӕсӕбити Игорь, Фадзайти Ӕхсарӕ** ӕма ӕндӕр бӕрнон адӕймӕгутӕ.

Ӕмбурди ӕркастӕнцӕ федӕни курорти донӕфсесади канализаций объекттӕ аразуни инженерон инфраструктурӕ бӕлвурд кӕнуни, еци бунӕтти ци культурон бунтӕ ес, уони багъӕуай кӕнуни ӕма ӕндӕр фарстати фӕдбӕл бӕлвурдӕй ци куст цӕуй, уомӕ. Еугур гъуддӕгути туххӕй ведомствити разамонгутӕн ӕмбӕлгӕ амунддзийнӕдтӕ искодтонцӕ.

– Мамисон-и арӕзтадӕмӕ гъӕуама лӕмбунӕгӕй бавналӕн, е ӕй нӕ республики ахедгӕдӕр проект, – байхӕс кодта косӕг къуарӕн Хецауади Сӕрдар.

**ССР Цӕдеси Сӕйраг Совети Президиум 1962 анзи 20 феврали рахаста унаффӕ «Гӕртан есуни туххӕй уголовон бӕрнондзийнадӕ фӕттухгиндӕр кӕнуни туххӕй». Ци си рауадӕй, уой ба уинетӕ – абони дӕр ма бӕргӕ тох кӕнӕн гӕртан есуни нихмӕ, фал...**

***Цæгат Иристони идарддæр æнхæстгонд цæуй, дууинсæй анзи æма уомæй минкъийдæр кæбæл цæуй, уæдта културИ, ахурадæ æма медицини къабæзти ка косуй, уæхæн æригон специалисттæн агъаз кæнуни программæ. Уомæ гæсгæ еу адæймаги бон æй цæрæнуат балхæнунæн субсиди æртæ миллион сомей бæрцæ райсун.***



# НÆ КÆСТÆРТИ ИСОНИБОН – НÆ ЕУМÆЙАГ САГЪÆС

ЦÆГАТ Иристони национ рахастдзийнæдти фарстати фæдбæл Министради дини организацити хæццæ кусти æма экстремизми профилактики хайади сæргълæууæг Цæллагти Артурæн æрæги журналистти хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми дзубанди цудæй нæ республики ахургæнæндæнтти рохсадон-профилактикон куст куд арæзт цæуй, уобæл.

Æ радзубандий е куд фегъосун кодта, уотемæй министрадæ дини минæвæрттæ æма æхсæнадон организацити агъазæй еудадзугон куст кæнуй аци ахсгиаг фарстатæбæл республики ирæзгæ фæлтæрти æхсæн.

Скъолатæ, колледжтæ, лицейтæ æма техникумти ахурдзау фæсевæдæн лæдæрун кæнунбæл архайунцæ барадон гъуддæгутæ бæлвурддæр базонунбæл. Архайунцæ, цæмæй се ‘хсæн федардæр кæна граждайнаг хелæдæрундзийнадæ, цæмæй лæдæронцæ бæрнондзийнадæ æхсæнадæ æма барадон домæнти размæ.

Агъаз син кæнунцæ царди раст надбæл æрлæуунæн, гъæугæ дæсниадæ равзарунæн, лæдæрун син кæнунцæ, цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй сæхецæн дæр æма æхсæнадæн дæр, сæ алфамбулай ци алли адæмихæтти минæвæртти æма фæйнæхузон динтæ æнхæстгæнæг адæймæгутæ цæрунцæ æма косунцæ, уони хæццæ кæрæдзей лæдæргæй æма нимайгæй, лимæнæй рахастдзийнæдтæ аразун.

Еугур аци ахсгиаг гъуддæгутæ æнхæст кæнунæн министрадæн устур агъаз кæнунцæ республики национ-културон центртæ, æхсæнадон организацитæ. Уой фæрци министрадæн бантæстæй бацæттæ кæнун сæрмагонд альбомтæ, кæцитæ зингæ фæййагъаз унцæ рохсадон-профилактикон лекцитæ æма лæдæрунгæнæн дзубандитæ аразунæн. Теоретикон æрмæгæй уæлдай ма альбомти ес берæ цæстæйуингæ æрмæг æма аллихузон литературæ, кæцимæй ахургæнгутæн сæ бон æй сæ гъомбæладон кусти пайда кæнун. Етæ лæвæрд æрцудæнцæ республики еугур ахургæнæндæнттæмæ дæр, цæмæй еу дзиллон мадзалæй иннæ дзиллон мадзали ‘хсæн ахургæнгутæн сæ бон уа ахурдзаутæн экстремизми зианхæссæг фæстеугутæ лæдæрун кæнун.

Ирæзгæ фæлтæрти æхсæн патриотон разæнгарддзийнадæ, граждайнаг зундирахаст æма æхсæнади размæ бæрнондзийнадæ, экстремизми нихмæ федар лæуууни менеугутæ гъомбæл кæнуни фæдбæл устур куст кæнунцæ Дзæуæгигъæуи æма Мæздæги хæлардзийнади Хæдзæртти коллективтæ, еудадзуг аразунцæ аллихузон фембæлдтитæ ахургæнæндæнтти. «Республикæ Цæгат Иристон-Аланий нацити ‘хсæн райрæзт»-и паддзахадон программæ 2019-2025 æнзтæн æнхæст кæнгæй, дууинсæй æхсæнадон организаций исаразтонцæ дæс æма дууинсæй фембæлдемæй фулдæр.

Æрæги министради арæзт æрцудæй терроризми нихмæ информацион архайди еудадзугон къуари æмбурд. Дзубанди си цудæй специалистти еудадзугон къуари рохсадон-профилактикон куст республики ахургæнæндæнтти фæппарахатдæр кæнунбæл, уæдта 2021 анзæн сæ кусти фæткæ исфедар кæнунбæл. Аци къуари иуонгтæ æрæги фембæлд исаразтонцæ Камбилеевки астæуккаг скъолай. Ахурдзаутæн ахсгиаг фарстати фæдбæл цъухæй радзубандитæй уæлдай ма равдистонцæ цæмæдессаг видеороликтæ, скъолай разамундмæ ма идарддæри куст фæгъгъомусгиндæр кæнуни туххæй равардтонцæ профилактикон цæстуингæ æма æндæр агъазгæнæг æрмæгутæ.

Национ рахастдзийнæдти фарстати фæдбæл министрадæ исаразта рохсадон-профилактикон бæлвурд æма бæстон пълантæ республики ахургæнæндæнттæн. Уоми бæрæггонд æнцæ аллимæйон терроризм æма экстремизми нихмæ архайди мадзæлттæ, уæдта аллихузон нацитæ æма конфессити минæвæрттæ кæрæдземæн аргъ кæнуни, кæрæдзей лæдæруни гъудитæ æвзарун кæнуни æрмæгутæ.

***

Аци æрмæги ци мадзæлтти туххæй цæуй дзубанди, уони аразун, гъай-гъайдæр, ахсгиаг æй, уæдта сæ ахедундзийнадæ дæр фæббæрæг уй бæлвурдæй. Еци гъуддаг никки æнтæстгиндæр бæргæ уидæ, фал æй ес хъоргæнæг дæр – интернет æма телеуинунади берæ къабæзти гириззаг æма кæстæрти зундирахаст усхъуммитæгæнæг равдиститæ æма æрмæгутæ. Гъулæггагæн, етæ берæ цæмæйдæрти хъаурæгиндæр разиннунцæ, уомæн æма нæ кæстæрти зингæ хай сæбæл æгæр æхцул æнцæ, æгæр цæмæдесæй сæмæ кæсунцæ, ци æверхъаудзийнæдтæ си æвдист цæуй, уонæй кæцидæрти фæнзгæ дæр кæнунцæ. Æма е ба бæлахдзийнæдтæй тæссаг æй æхсæнади, уæдта æма кæстæртæн сæхецæн, сæ карнæн дæр.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

### ÆФСАРМÆ КÆМÆ ЕС, ÆУУÆНКÆ ДÆР УОБÆЛ ЕС!..

***Номдзуд италиаг философ Никколо Макиавелли (1469-1527) кæддæр уотæ загъта: «Еугуремæй дæр хуæздæр паддзахадæ – адæм зæрдрохс æма цардæфсес кæми ‘нцæ, е…»***

**Уæхæн уавæр ба си уæд уодзæнæй, хецаудзийнади æма æхсæнадон институттæй дзиллæ куд фулдæр арази уонцæ, уомæ гæсгæ. Æма уонæй нуриккон Уæрæсей цардарæзти уагæмæ гæсгæ, адæм цæйбæрцæбæл æууæндунцæ. Уæхæн фарста æхсæнадон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центри æртасгутæ ци 1600 уæрæсейагемæ равардтонцæ, уони дзуæппитæмæ гæсгæ исаразтонцæ мæнæ дæлдæр ци бæрæггæнæнтæ мухур кæнæн, уони (нимæдзтæ æвдесунцæ проценттæй).**




## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ…



*Цардæнцæ æма адтæнцæ авд æнсувæри. Уонæй æхсæз адтæнцæ хуæрзæгъдау æма хебæлхуæцгæ. Æвдæймаг ба – æсхъæл, тæлтæг æма фудзунд. Еууæхæни бабæй кедæрти хæццæ исхилæ ‘й. Æма ‘й етæ дæр дзæбæх ку æрнадтонцæ, уæд æнсувæртæн ма ци гæнæн адтæй – æ сæрбæл рахуæстæнцæ. Хили æхсæземæй дæр фæммард æнцæ . Фудзунд æнсувæр ба æвудæй байзадæй. Е 'хсæз æнсувæрей мæрдти рази бадуй æма гъарæнгитæ кæнгæй дзоруй:*

*– Нур æз уæ рази ци фудгин дæн?.. Хилæ уин ракъахтон, æма си хилæ кæнунмæ нæ исарæхстайтæ…*

Æма еци тæппал æнсувæри хузæнттæ ба нæмæ нури доги дæр цæйбæрцæ разиннуй. Кедæр ардудæй, фулдæр, æвæдзи, сæ фæсарæйнаг «хуæрзгæнгути» æнсистæй кæцæйдæр рагæпп кæнунцæ æма хилкъахæнтæ кæнун байдайунцæ, дзилли кæцидæр хай, уæлдайдæр ба тæлтæг æригæнтти низгули кæнунцæ. Æма?.. Еци æзмæнститИ хумæтæг архайгутæ æфхуæрд баййафунцæ (фулдæр хæттити, æвæдзи, раст…), ка сæ иселлæг кодта, етæ ба «фæскъотæртæмæ» фæттиллеф кæнунцæ… Мæнæ æрæги Мæскуй æма Уæрæсей æндæр рауæнти æзмæнститИ архайгутæй æфхуæрд ка баййафта, уонæн, æвæдзи, бийнонтæ дæр ес. Æма ке фæдбæл рацудæнцæ, етæ син сæ нæхъæртондзийнади естæмæй фæййагъаз кæндзæнæнцæ? Кунæг? Уонæмæ айдагъдæр сæхе сагъæс ес, сæхе хуарздзийнади сæрбæлтау æнцæ сæ еугур миутæ дæр.



**Светланæ ОПЕНЫШЕВА, Ульянови облæсти губернатори раздæри унаффæгæнæг: «Мæ барæ ку уайдæ, уæд рауадзинæ сæрмагондæй указ, цæмæй æййивддзийнæдтæ ка домуй, еци лæхъуæнтæ æрвист цæуонцæ æфсадмæ, кизгуттæ ба – æнæбари куститæмæ…»**

Аци унаффитæ кæнунмæ тулаваст силгоймаг уобæл ба нæ расагъæс уодта, æма еци лæхъуæнтæ еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте ку фæззиннонцæ автоматти, кизгуттæ ба сæ белтæ-сагойнити хæццæ æма æййивддзийнæдтæ домун ку байдайуонцæ? Хуæздæр нæ уидæ, не ‘хсæнади кæмидæрти абони æнæмæнгæ ци æййивддзийнæдтæ гъæуй, етæ афойнадæбæл æма гъæугæ хузи арæзт ку цæуиуонцæ? Уæд аллихузон хилкъахгутæн æхсæнади медæгæ æнæуагæдзийнæдтæ аразунæн равгитæ дæр нæ уидæ!..

**Юрий МОНАСТЫРЕВ, ахургæнæг: «Нæ нуриккон скъолайæн æ устурдæр бæлах е æй, æма ин фæстаг дæсгай æнзти дæргъи разамунд дæттунцæ, еци гъуддагмæ æгириддæр ка неци барæ дарuй, уæхæн æнарæхсгитæ…»**



Номдзуд финсæг Антон Чехов хумæтæги нæ загъта: «Искурдиадæй бустæги цох, бунтибун къумух ахургонд фæккуста цуппар æма инсæй анзи, фал хуарзæй мисхъали бæрцæ дæр неци исаразта. Уой хæццæ ба ма дуйнейæн равардта æхе хузæн цубурзунд, æнæхъуат ахургæндтæ еу æма дууæ нæ, фал дæсгæйттæ…» Æма æцæгæйдæр уотæ ке æй, уой ба абони нæхе цæститæй уинæн – нæ цардарæзти сæйрагдæр хабæрттæ уæхæн æнарæхсгити къохи ке ‘нцæ, уой фудæй нæмæ æгæр исберæ ‘нцæ æдзæллагдзийнæдтæ.



**Эжен ИОНЕСКО (1909-1994), французаг финсæг: «Кæд мах естæй нихмæ тох кæнун гъæуй, уæд, фиццагидæр, фудракæндти нихмæ…»**

Фудракæндти нихмæ еу адæймаги бон тох кæнун, ка ‘й зонуй æй, еци фудракæндти нез æхе уодиконди ку уа, уæд . Фал уомæй æнæгъæнæ æхсæнадæ сахъат ку уа, уæдта, æвæдзи, тохгæнæг гъæуама уонцæ, комкоммæ уомæй ихæсгин ка ‘й, еци сæрмагондæй арæзт барадæгъæуайгæнæг оргæнтæ. Уогæ си ци агорæн, кæд æма уонæми бæрнон, уой дæр бæрнонæй-бæрнондæр косгутæй беретæ еци фудракæндти «раззагдæр» архайгутæй рагъæр унцæ…

**Нæ номдзуд æмзæнхон, Советон Цæдеси Бæгъатæр Ленацаканов Александр Сергейи фурти райгурдбæл 23 феврали æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1921-2004).**

***Гулути Хизир цæйбæрцæбæл зæрдхæлар адтæй, е бæрæг адтæй, æ хеуæнттæбæл цæйбæрцæбæл æновуд æма æхцул адтæй, уомæй дæр. Кæддæр е ‘ргом дзубандий уотæ загъта: «Ме ‘нсувæртæ, мæ хуæртæ, мæхе зонунгъон ку фæдтæн, уæдæй адтæнцæ æма æнцæ мæ фарсмæ, æнæ уони ауодундзийнадæй мин уайдæ зин…***



# ХЕСТÆРИ КАДÆ КÆСТÆРТÆН НИФСИ ЦÆГИНДЗÆ ‘Й!..



***Адæймаг тугъдонæй кæд игургæ нæ ракæнуй, уæддæр, æвæдзи, бæгъатæрдзийнадæ ба, куд фæззæгъунцæ, æ мади губунæй рахæссуй. Æма уæхæн фарнæй нæ Исфæлдесæг ке фæххайгин кæнуй, гъе уонæбæл Фидибæстæ, тæссаг уавæри ку бахауй æма ’й æ хъæболти сæрæндзийнадæ ку багъæуй, уæд æхе бафæдзæхсуй, æ нифс уæхæн лæгдæртæй федар фæууй. Уæхæн разагъди лæгæй гъуди кæнунцæ нæ Иристони дзиллæ Гулути Темурхъани фурт Хизири. Уой цардвæндагмæ ку æркæсæн, уæд ни алкедæр балæдæрдзæнæй, æцæг лæгдзийнадæ ци ‘й, уой. Уæдта айдагъ лæдæргæ нæ, фал ма имæ алкедæр ни хицæ дæр æркæндзæнæй – æгайтима адæймаги бон æй уотæ рæсугъд æма кæдзосзæрди, курухон зунди хецау ун, уоди федардзийнадæ царди берæ лæгæвзарæнти уотæ гъæддухæй æвдесун…***

ГУЛУТИ Хизир райгурдæй 1927 анзи 21 июни Чиколай. Æ фидæ Темурхъан нимад адтæй гъæуи дзурддзæугæ, ездон æма зæрдхæлар лæгбæл, кадгин фæллойнæгæнæгбæл, косгæ ба кодта колхози механизаторæй. Уомæн æ цардæмбал Хæбебæ ба Нарти Сатанай хузæн курухон силгоймаг, адтæй Иристони æма Кæсæги зундгонд муггаг Хъубадтæй. Æ фидæ Абисал адтæй уруссаг æфсади афицер, архайдта Дунайи, уæдта уруссаг-япойнаг тугъдтити. Е ’скъуæлхтдзийнæдти туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй Геуæргий дууæ дзиуаремæй, уæдта Сугъдæг Анни æма Сугъдæг Владимири ордентæй. Хæбебæ зудта берæ адæмон таурæхътæ, кадæнгитæ, аргъæуттæ, хуарз зудта Фиццаг дуйнеуон тугъди иристойнаг æма кæсгон бæгъатæрти хабæрттæ дæр, æма се ’скъуæлхтдзийнæдти туххæй ахид дзоридæ æ сувæллæнттæн. Бийнонти медæгæ уæхæн фæткæ æвæрд адтæй, æма си хестæртæмæ кæсгæй, кæстæртæ ахур кодтонцæ нæ адæми æгъдæуттæ хуæздæр хузи æнхæст кæнунбæл, фæллойнæ уарзунбæл, хестæртæн кадæ кæнунбæл, Фидибæстæбæл еузæрдиуон унбæл.

Бийнонтæ берæ адтæнцæ – ирæзтæй си аст сувæллони. Кæд сæ царди уавæртæ, куд иннетæн дæр, уотæ уоййасæбæл хиццаг нæ адтæнцæ, уæддæр си алкедæр æ гъуддаг, куд гъудæй, уотæ æнхæст кодта, сувæллæнттæй алкедæр ахур кодта скъолай, алкедæр си бæлдтæй фулдæр зонундзийнæдтæ æма сæ цардарæзти ка бабæздзæнæй, уæхæн дæсниадæ райсунмæ. Хизир адтæй цæуæти хестæр, æма уомæ гæсгæ ба хæдзари гъуддæгути фулдæр уæзæ уой усхъитæбæл æнцадæй, сабийбонтæй фæстæмæ æнæзийнадæй агъаз кодта æ фидæ æма æ мадæн. Скъолай ахуртæй уæгъдæ рæстæги ба куста колхози, карста хуасæ, æфснайдта тиллæг…

Хизир 1941 анзи æнтæстгинæй каст фæцæй Чиколай фиццаг астæуккаг скъолай авд къласи æма бацудæй комбайнскъæрæгæн агъазгæнæги мæйон къурситæмæ Дзæуæгигъæуи. Ами ’й æрæййафта, Устур Фидибæстон тугъд ке райдæдта, еци уæззау хабар. Еугур къурсанттæ дæр рандæ ’нцæ сæ райгурæн гъæутæмæ æма уоми, нæлгоймæгтæй тугъдмæ ка рандæй, уони райййивтонцæ, æнхæст кодтонцæ, уæди рæстæги цидæриддæр куститæ кæнун гъудæй, уони, сæ бон ци адтæй, уомæй агъаз кодтонцæ фронтæн хуайрагæй.

Еци анз октябри Гулути Хизир нæ республики иннæ цæргути хæццæ æрвист æрцудæй Мæздæги райони Виноградниойи гъæуи размæ, уоми Терки рахесфарс арæзт цудæй гъæуайкæнуйнадон федæрттæ, баррикадитæ, акъоппитæ.

Еци куститæ фæууни фæсте Хизир фæстæмæ исæздахтæй Чиколамæ æма æ ахури хабар идарддæр кодта фæсевæди изæйрон скъолай, бонæй ба куста колхоз «Большевик»-и.

Фал æригон патриот æ сæрмæ нæ хаста тугъди фæскъилдуни бадун, еугур мадзæлттæй дæр тундзтæй фронтмæ. Æма ин, адтæй нæ адтæй, уæддæр æ фæндæ исæнхæст кæнун бантæстæй – рандæй тугъдмæ Гулути биццеу дæр, бахаудтæй 271-аг фестæгæфсæддон дивизий пулеметон взводмæ.

– Хуарз ма ‘й гъуди кæнун, уæледарæс нин куд лæвардтонцæ, уой, – имисидæ Хизир. – Æз асæй къæсхуртæ адтæн, мадта карæй дæр ци адтæн, цудæй мæбæл æдеугурæй финддæс анзи. Уæледарæс æма къахидарæс мин сæ бон иссерун нæ бацæй, æма мин уæд нæ старшинæ равардта, ци гæнæн ма ин адтæй мæн ка гъудæй, уомæй æртæ размери устурдæр уæледарæс æма къахидарæс. Етæ мин уотæ устуртæ ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ ба ме ’мбæлттæ, сæ фæсте бабузи лигъд ке кодтон, уобæл фурходæгæй мардæнцæ. Полкки командирмæ дæр кæд ходæг фæккастæй, уæддæр федарæй бардзурд равардта, цæмæй мин иссеронцæ мæхе аккаг дзаумæуттæ. Минкъий ке адтæн, уой туххæй мæ полкки тугъдонтæ худтонцæ сæ хъæболæ.

Уæдмæ, 1942 анзи ноябри кæрони 271-аг дивизи рарвистонцæ Мæздæги ’рдæмæ æма гъæуайкæнуйнадон федæрттæ æрахæста станицæ Ищерскайи… Тугъдонтæ æнгъæлмæ кастæнцæ размæмпурстмæ, Мæздæг иссæребарæ кæнунмæ, знаги уордигæй фæссорунмæ.

Хизир ци тугъдтити архайдта, етæ кæд карз æма уæззау адтæнцæ, æма сæ еугурей æ зæрдæбæл бадардта, уæддæр уæлдай хъæбæрдæр ба багъуди кодта 1942 анзи 26 ноябри тогкалæн тох. Фашистти батальон, фараст танки æ хæццæ, утемæй тухгин артиллерион æхсти фæсте исаразта размæмпурст, махонти 865-аг фестæгæфсæддон полкки тугъдонти ’рдæмæ. Немуцаг танкитæ, еци æхсæги æхстонцæ, утемæй æмпурстонцæ размæ, советон æфсæддонтæ кæми æрбунат кодтонцæ, еци федæрттæмæ. Взводи командир лейтенант Васильеви бардзурдмæ гæсгæ нæ тугъдонтæ федар нихкъуæрд лæвардтонцæ гитлеронтæн. Фал знаги танкитæ æмпурстонцæ æма æмпурстонцæ, бустæги хæстæг бацудæнцæ нæ гъæуайкæнуйнадон федæрттæмæ.

Аци тугъди туххæй Гулуй-фурт уотæ дзоридæ:

– Фашистон танкитæ нæ гъæуайкæнуйнадон федæртти сæрти ку æрбайервазтæнцæ, уæд си еу танк февзурдæй, æз кæми адтæн, еци акъоппи рази. Æз ниххаудтæн бунмæ, мæ къæхтæ сикъити буни фæцæнцæ, танки фæсте цудæнцæ фашисттæ, æз марди хузæн мæхе искодтон. Еу немуцаг мин топпи кæронæй мæ фæсонтæ рарæхуста, фал мæ мард бангъалдта æма идарддæр æ цуд кодта. Уой фæсте минкъий мæ сæр ку исдардтон акъоппæй, уæд рауидтон æртæ немуцагей, фехстон сæ пулеметæй, æртæ дæр æрхаудтæнцæ. Æма бабæй фæстæмæ акъоппи мæхе раримахстон. Изæрæрдæмæ нæ тугъдонтæ исаразтонцæ размæмпурст æма уæд немуцæгтæ фæстæмæ ледзун райдæдтонцæ. Нæ тугъдонтæ ку æрбахæстæг æнцæ, уæд сæ хæццæ байеу дæн. Изæри мин роти командир, хестæр лейтенант Дорохов хъæбæр зæрдиагæй арфитæ ракодта мæ лæгдзийнади туххæй. Уæд хуæрзеугутæ уоййасæбæл ахид нæ лæвардтонцæ, æма мин хъæбæр æхцæуæн адтæй, цæрæнбонтæмæ багъуди кодтон мæ фиццаг тохи туххæй еци арфæ.

Æ зæрдæбæл Гулуй-фурт бадардта 1943 анзи 1 январи æхсæви карз тугъдтитæ дæр – æнæвгъауæй æ пулеметæй кунæг кодта фашистти, утемæй дзармадзани нæмуги æрхъезæй æ тæрних уæззау цæф фæцæй, фæццæф æй æ астæуистæг дæр. Дуйне ибæл раталингæ ‘й. Æрискъиттæй медсанбати, фал неци игъуста, æ бон дзорун дæр нæ адтæй, галеу цæстæ неци уидта, бæрзæй ристæй, æ цæсгон ниррæсудæй. Æ хæццæ санитарон батарейи адтæнцæ æ тугъдон æмбæлттæ, етæ дæр уæззау цæфтæй. Ами Хизир базудта Мæздæги бунмæ ци тогкалæн тугъдтитæ адтæй, уоми 867-аг фестæгæфсæддон полкки тугъдонтæй берæ ке фæммард æй, уой. Хизирæн искодтонцæ операци, фæйййервæзун ин кодтонцæ æ цæстæ дæр. Фиццаг медицинон агъаз ин ка бакодта, уонæй еу разиндтæй е ’мзæнхон, æфсæддон фель-


ГУЛУТИ Хизир æма æ цардæмбал Тамарæ.



*Æма кæрæдзей еу усмæ дæр æнæ рæвдудæй нæ уадзæн... Ес син цæуæт, цæуæти цæуæт. Мæхуæдæг мæ цардæмбал Тамари хæццæ исгъомбæл кодтан фурт æма кизгæ, ес син сæхецæн дæр бийнонтæ, цæуæт... Боз дæн мæ кæстæртæй, сæ хуæрзæгъдаудзийнадæй, адæми хæццæ рæстзæрдæй цæрунмæ ке арæхсунцæ, уомæй...»*


Дзæуæгигъæу. Цитгин Уæлахези бæрæгбони фæдбæл мадзали кадгин президиуми.

дшер Реуазти Александри кизгæ Верæ, уæдæй фæстæмæ ‘й Хизир нимадта æ ервæзунгæнæгбæл, æ лæггадæ ин цæрæнбонтæмæ дæр арфиагæй дардта æ зæрдæбæл.

Еу мæйæ æма æрдæги бæрцæ Махачкалай 3187-аг госпитали фæуууогæй, Гулуй-фурт рандæй нæуæгæй фронтмæ, иссæй 392-аг фестæгæфсæддон дивизий тугъдон, идарддæр архайдта нæ Фидибæстæ фашисттæй иссæребарæ кæнунбæл тугъдтити сауæнгæ 1944 анзи уæнгæ... Цалинмæ уæди уалдзигон тугъдтитæй еуеми бабæй нæуæгæй нæ фæццæф æй. Берæ рæстæг фæцæй Еревани госпитæли. Дохтиртæ бабæй кæрæй-кæронмæ исæнхæст кодтонцæ сæ арфиаг ихæс, æ къæхтæбæл æй ислæуун кодтонцæ. Фал тугъдон лæгæн нæбал исбæзтæй, иссæй дуккаг къæпхæни инвалид, исуæгъдæ ’й кодтонцæ е ’фсæддон ихæсæй.

Е адтæй 1945 анзи... Æ тугъдон карнæ уотæ ке рауадæй, е Хизирæн хъæбæр зин адтæй: æ тугъдон цæфтæй хъæбæрдæр ристæй æ зæрдæ, уомæн æма, куд æ тугъдон æмбæлттæ еугурæйдæр, уотæ е дæр бæлдтæй Берлини уæнгæ бахъæртунмæ, уоми æ тугъдон надæн кæронбæттæн искæнунмæ, фал... Æ хеуæнттæ куд имисунцæ, уотемæй еци тухст нæ нидæн кодта æ сагъæсти, сауæнгæ каргунæй дæр разæрдхъурмæ уидæ, æ еци бæлдæ ин исæнхæст кæнун ке нæ бантæстæй, уомæй...

Цидæр адтæй, уæддæр 1945 анзи январи Гулути Хизир исæздахтæй Иристонмæ, æ райгурæн гъæу Чиколамæ. Бийнонтæ, синхбæстæ æма хеуæнттæ хъæбæр цийнæ кодтонцæ, сæрæгасæй æ фидиуæзæгбæл ке исæмбалдæй, уобæл, уæлдай цийнæ ба кодтонцæ æ мадæ, æ хуæртæ, æ кæстæр æнсувæртæ. Сувæллæнттæ ин дестæгæнгæй кастæнцæ æ реумæ, уобæл ци хуæрзеугутæ æрттивтонцæ – цалдæр ордени æма майдани, уонæмæ.

Куд нæ цийнæ кодтайдæ Хизир æхуæдæг дæр, æ хæдзарæбæл сæрæгасæй ке исæмбалдæй, уобæл... Фал æ цийнæ æгæр нидæн кодта зæрдристæй дæр – æ фиди цардæгасæй нæбал исæййафта, немуц Чикола рæстæгмæ ку байахæстонцæ, уæд уони къохæй фæммард æй...

Ристæнцæ Хизирæн æ тугъдон гъæдгæнттæ, сауæнгæ æнæ еске агъазæй æ дарæс æхебæл искæнун дæр нæ фæразта. Ристæй æ бийнонти царди уæззау уавæртæй æ зæрдæ, æ берæ кæстæртæ (уонæй сæ хестæрбæл æдеугур æртиндæс анзи цудæй) къæбæргъæуагæ æма бæгънæггомау ке адтæнцæ, стонг ке æййафтонцæ, уобæл. Уогæ куд нæ лæдæрдтæй уой дæр æма тугъд цæуй, адæм еугурæй дæр тухст уавæри æнцæ, сæхецæй сæ, куд фæззæгъунцæ, сæ фæстаг къæбæр дæр ратонун багъæуй, уомæн æма фронти, фашистон æрбалæборгути нихмæ тохгæнæг Советон Æфсади берæ цидæртæ гъæуй, цæмæй знаги тагъддæр ниддæрæн кæна... Лæдæрдтæй уой дæр, æма еци уавæрти фæскъилдуни дæр алкедæр уодуæлдаййæй архайун гъæуй. Æма уомæ гæсгæ, кæд æ тугъдон гъæдгæнттæ æнæуагæ хъæбæр ристæнцæ æма ин тухæй куст кæнун æгириддæр не ’нгъизтæй, уæддæр æ исæздæхуни дуккаг бон колхози правленимæ бацудæй æма, кæд куд тугъди инвалид, уотæ ин тæрегъæд кодтонцæ, уæддæр, фронти амæй кæмити зиндæр адтæй, зæгъгæ, æхецæн куст ракурдта. Зин ин адтæй, фал бухстæй æхсаргин тугъдон. Еуцæйдæрбæрцæдæр рæстæги фæсте æй иснисан кодтонцæ бригадирæй...

Тугъди фæсте Гулуй-фурт каст фæцæй Дзæуæгигъæуи æртæанзон гъæууонхæдзарадон къурситæ æма дæргъвæтийнæ рæстæг куста Ирæфи райони бæрнон бунæтти, адтæй колхози сæрдари хуæдæййевæг, агроном, колхози сæрдар, Чиколай гъæуæнхæсткоми сæрдар, райæнхæсткоми хайади сæргълæууæг.

Цардарæзтмæ ци берæ менеугутæ ес, уонæй еу е æй, æма æхе циуавæрдæр фæткитæмæ гæсгæ æхе æййивддзийнæдтæ бахæссуй адæймаги карнæмæ. Уомæ гæсгæ уотæ рауадæй, æма 1968 анзи Хизир æ бийнонти хæццæ æрцардæй Дзæуæгигъæуи. Куста аллихузон бæрнон бунæтти. Æма кæмидæриддæр куста, еци коллективти ‘хсæн ин алкæмидæр адтæй устур кадæ. Цалдæр хатти æвзурст æрцудæй советон оргæнтæмæ, æхсæнадон организацити разамундмæ.

Еци гъуддæгутæ ахсгиаг куд нæ ‘нцæ, фал уонæй ахсгиагдæр ба е иссæй, æма Гулути Хизир æма æ цардæмбал Тамарæ (Золойти Аслæнбеги кизгæ) хæццæ исаразтонцæ дессаги федауцæ бийнонтæ, сæ цæуæт сæхе хузæн рауадæнцæ æгъдаугин, зæрдхæлар æма фæллойнæуарзагæ. Сæ фурт Олег æнтæстгинæй каст фæцæй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университет æма æнтæстгинæй фæккуста берæ бæрнон бунætти, сауæнгæ хецауадон къабази дæр, абони ба æ куст баст æй финансон къабази хæццæ. Сæ кизгæ Людмилæ дæр каст фæцæй Цæгат Иристони паддзахадон университет, æма е дæр æй дæсни финансон косæг.

... Иристон гъæуама сæрустур уа Гулути Хизири хузæн кæдзосзæрдæ æма æхсаргин адæймæгутæй, уомæн æма етæ рæстзæрдæй хъиамæт кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау, удуæлдаййæй цудæнцæ знаги нихмæ тохи, сæ бæгъатæрдзийнадæй устур кадæ искодтонцæ нæ Райгурæн бæстæн сæ сагъæсти сæйрагдæр сагъæс – цæмæй нæ кæстæртæн хиццагдæр уа сæ исонибон. Гулути Хизир æма уой хузæн лæгти туххæй ке дзорæн, е уонæн сæхе уойбæрцæ нæ гъæуй, фулдæр нæ ирæзгæ фæлтæрти гъæуй – цæмæй сæ Фидибæстæ нимайуонцæ, æ сæрбæлтау архайунмæ уодигъæдæ æма зæрдæй цæттæ уонцæ. Гулути Хизир æма уой хузæн нимади хестæрти цардвæндаги хабæрттæ гъæуама æнхæстæй зононцæ, уонцæ син фæнзуйнаг сæ арфиаг гъуддæгутæй æма се ’гъдауæй, сæ лæгигъæди дæнцæй.

Хизир, абони дин дæ рохс ном имисæн æма нæ Исфæлдесæгæй дин корæн дзенети тæккæ удæнцойнæдæр рауæн – уой дин гъæуама исаккаг кæна, уомæн æма дæ уæлзæнхон царди, дæ æгæрон берæ арфиаг хъиамæттæй дæмæ хауй еци барæ...

***Æрмæг бацæттæ кодта САКЪИТИ Эльбрус.***


Дууæ хъиамæтгун тугъдони: КУЧИТИ Эльбрус æма ГУЛУТИ Хизир. Гъулæггагæн, дууемæй дæр абони не'хсæн нæбал æнцæ... Рохсаг уæнтæ...


Фидибæстæ гъæуайгæнгутæ – нæ сæрустурдзийнадæ!

***Афганистани тугъди архайæг Мисиккати Анатолий: «Еци бæсти тугъдмæ бахаудтæн æстдæсанздзуд лæхъуæнæй, адтæн æсгарæг батальони... Еу тугъдон цауи рæстæг уæззау фæццæф дæн, тухххæй-фудти ма райервазтæн, фал мин уæддæр мæ еу къах ба лухгæнгæ рауадæй...***



# ÆМА ИССÆЙ ЦÆГОЛ-АХМАТ МАЛАНГИ БАТАЛЬОНИ ТÆККÆ ЦИТГИНДÆР ИУАЗÆГ!..

***Афганистани тугъди ка архайдта, æма устур лæгдзийнадæ ка бавдиста уонæй еу – ЦÆГОЛТИ Македони фурт Ким (1930-2015), зундгонд æхсæнадон æма наукон архайæг, инæлар-майор, философон наукити доктор. Цæголти Кимæн ци бантæстæй, етæ кæд устур уадзимисти аккаг адтæнцæ, уæддæр æ рæстæги ин æ кой æгириддæр нæ кодтонцæ – æ архайди медесмæ ин гъæргæнæн нæ адтæй. Фал уой тухxæй финсунæн фадуат куддæр фæцæй, уотæ ибæл берæ финст æрцудæй. Журнал «Наш современник» 1984 анзи фиццаг номери ниммухур кодта Юрий Теплови документалон очерк «В горах Афганистана». Уоми дзубанди цæуй Цæгол-Ахмати тухxæй дæр. Е æй Цæголти Кими фæсномуг. Советон æфсади советник уогæй, Цæголи-фурт цалдæр хатти уидæ тугъди цæхæри, адтæй нифсхаст, æндиуд, берæ ка зудта, уæхæн ахургонд æма тугъдон. Дæлдæр мухур кæнæн еци очеркæй еу скъуддзаг.***

НЕРÆНГÆ дæр ма мæ цæстити рази æй еци уиндгун адæймаги сорæт. Бæрзонд къæдзæхтæ æма устур дорти рази – саухелæ, саузакъæгин, фусдзармæй худ, æнæдус кæрцæ ибæл, автомат æма деденæг æ къохи – уотемæй нигъгъуди кодтон Маланги. Уогæ ’й уой фæсте ма фæуууидтон æнæ закъæй, æ цæсгон адтæй æвеппайди æригондæрхуз...

Фал Малангбæл ниффинсæн нæййес, цалинмæ æндæр адæймаг, Афганистани истори æма Хъуран хъæбæр хуарз ка зудта, уæхæн афицери тухxæй радзорæн, уæдмæ. Уогæ еци гъуддаг дæр уотæ æнцонтæй нæй, уомæн æма еци адæймагæн æ ном æргомæй исгъæр кæнун не ’нгъизтæй, сосæггаг адтæй, æма ’й уомæ гæсгæ ба исхудтан Цæгол-Ахмат.

... Ралæудтæй январь, фæлмæн æма метгун. Цæгол-Ахмат рагъуди кодта, бонихатт душманти аккаг нæй, метбæл алли къахдзæф дæр бæрæг æй, хуæнхти ба тæссаг æй зæйæ рацæунæй. Æма, æвæдзи, сæхе бал ести цъаси нилхъивтонцæ.

Адæм æмбурд кодтонцæ митингмæ. Цæгол-Ахмат си еуетæмæ æрæстæфтæй хуæцæнгæрзтæ сæ хъæппæлти буни. Митингмæ æрæмбурд æнцæ цуппар кишлаки цæрæг адæм: Удхиль, Кабильбай, Базухейль æма Тул-Санги.

– Æмбæлттæ! – райдæдта Цæгол-Ахмат. Уинетæ ’й, махмæ ес хъаурæ, – æма бавдиста афгайнаг æфсади батальонмæ. – Фал мах нæ фæндуй тохун. Мах нæ фæндуй айдагъ сумах тог калун нæ, фал ма уæ хæстæгути, уæдта сæхе хуæнхти ка римæхсуй, уони...

Куд бауæндун кæна аци адæми, æ къохи газет ка некæд дардта, Апърели революци уони тухxæй арæзт ке ’рцудæй, уой?

Æма райдæдта Хъуранæй кæсун сурæ, кæций дзурд цудæй адæмуарзондзийнади тухxæй.

Еу фæккасти æ цæститæ фенгас æнцæ æригон адæймагмæ, кæци лæудтæй хестæрти ’хсæн. Саузакъæгин, æ дзиккотæ усхъити уæнгæ, хуæцæнгæрзтæ ибæл ауигъд. Митинги фæсте Цæгол-Ахмат бафарста хестæрти, еци лæг ка адтæй, зæгъгæ, æма нæ бадес кодта, ку фегъуста:

– Маланг.

Маланг адтæй, æ банди карз æгъдау ниввæрун ка базудта, уæхæн бæгъатæр сæргълæууæг. Æфсадæй дæр нæ фæттарстæй, уотемæй æрбацудæй митингмæ æма сабургай фæстæмæ рандæ ’й.

– Æ хæццæ мæ фембæлун фæндуй, – загъта Цæгол-Ахмат.

– Мах ин фегъосун кæндзинан.

Фембæлдмæ Маланг не ’рбацудæй. «Митинги æй ахæссун гъудæй», – уотæ сагъæс кодта Цæгол-Ахмат.

Гъуддаг уотæ рауадæй æма имæ Маланг æхуæдæг æрбацудæй æ гъæуайгæнæги хæццæ.

– Тæссаг дин æй, – дзоруй имæ Цæгол-Ахмат.

– Дæуæн дæр, – загъта Маланг æма райамудта æ гъæуайгæнæгмæ.

– Æ хуæцæнгарз рандæ кæнæд, кенæдта нæ дзубанди нæ рауайдзæнæй, – загъта Цæгол-Ахмат.

Гъæуайгæнæг æ хуæцæнгарз рандæ кодта. Цæгол-Ахмат дæр æ дамбаца стъолбæл æрæвардта.

– Цал адæймаги ес дæ баргъони?

– Æртæсæдæ.

– Ма сайæ. Дууæсæдемæй минкъий фулдæр.

– Уалдзæги уодзинан фулдæр.

– Цæбæл тохис, Маланг? Гульбеддинмæ нийгъустай?

– Нæгъ. Æз мæхе надбæл цæун.

– Мадта адæми сабур цæрун цæмæннæ уадзис? Аци нæуæг æййивддзийнæдтæ лæгъуз æнцæ адæмæн?

– Гъе уобæл радзорунмæ æрбацудтæн. Фæндуй мæ базонун, кæбæл æуууæндгæ ‘й?

– Æфсæддон скъола каст кæми фæдтæ?

– Пешавари. Ахур мæ кодтонцæ америкаг æма египетаг инструктортæ.

Уотемæй фæдздзурдтонцæ еу-дууæ сахатти. Маланг исистадæй, къæбинетбæл æрзилдæй, уæдта загъта:

– Нæхемæ дæ хонун, устурдæр дзубандий тухxæй. Нæ тæрсис?..

Аци радзурди автор Цæгол-Ахмат æма Маланги хæццæ ку фæййеу æй, уой размæ базонгæ ’й цалдæр æрмæгей хæццæ, дзурд си цудæй «ислам гъæуайгæнгути» къуæрттæбæл.

Уогæ ба адтæнцæ финддæсæй инсæййи уалæнгæ. Еу си хундтæй ИПА, «Афганистани исламаг парти», æ сæргълæууæг Хекматиар Гульбеддин. Иннæ уæхæн Сайед Ахмад Гейлани – «Афганистани исламаг революций националон фронти» (НФИПН), – раздзæуæг. Берæ уæхæн къуæрттæ ма си адтæй, еу инней ранихъуæрунмæ гъавта, цæмæй гахгундæр хай фæсокеани къерейæй уой фæуууа.

Еци фæсокеани къере, сæдæ миллион доллæрей аргъ, адтæй еци устур хъаурæ, кæци еу кодта еци къуæртти. Сæ фулдæр еци къуæртти сæргълæуугутæ адтæнцæ бонгинти фурттæ, кæцитæн Апърели революци райста сæ гъæздугдзийнæдтæ æма сæ бартæ.

Фал сæ баргъони ка адтæй, æма хуæнхти сæхе ка римахста, уонæн ба сæ фулдæр барвæндæй нæ бахаудтæнцæ еци къуæрттæмæ.

Æвæндонæй бандит ка ’ссæй, уони ‘хсæн дæр берæ адтæй уæхæнттæ, æма нæ лæдæрдтæнцæ, кæми ’й рæстдзийнадæ æма æцæгдзийнадæ, уой.

Еци адæми хæццæ адтæй Маланг дæр.

Цæгол-Ахмат æ афицери формæ раййивта, искодта халат, чалма æма ранæхстæр æй еу къуарей хæццæ фембæлдмæ. Душмантæбæл исæмбæлунмæ тæссаг адтæй, фал уæдмæ идардæй нади кæронæй рауидтонцæ Маланги...

Берæ гурусхити фæсте Маланг нæуæг хецаудзийнади фарс æрлæудтæй. Æма еунæг е на ’дтæй. Еци рæстæги сæйраг горæти цудæй джирга-съезд, уордæмæ æрцудæнцæ бандитти раздæри раздзæугутæ. 165 адæймаги æрбацудæй съездмæ. Æргомæй басастæнцæ сæ рæдудтитæбæл æма дзурдтонцæ, сæ фудмиутæ куд исраст кæнонцæ сæ райгурæн бæсти рази, уобæл.

Куд хæстæгдæр зонгæ кæнай аци адæми царди хабæртти хæццæ, уотæ дæмæ хъæбæрдæр багъардзæнæй, куд зин лæдæрæн син адтæй еци уавæр. Уотæ 28-анздзуд Насруллайæн дæр.

Насрулла адтæй хазайрæгти раздзæуæги фурт. Фæцæй каст лицей горæт Мазари-Шарифи. Æ уæле европаг костюм, æндегæй ба ибæл кæрдæгхуз халат... Автор куд зæгъуй, уотемæй имæ раттуйнаг адтæй дууæ фарстай. Цæмæн исистун кодта æ адæми нæуæг хецаудзийнади нихмæ (инсæй мин адæймаги), уæдта ’й циуавæр хъаурæ балимæн кодта нæуæг цардиуаги хæццæ? Фал куд разиндтæй, уотемæй тæккæ хумæтæг фарстатæбæл дæр, еуæй-еу хатт уотæ æнцон дзуапп раттæн нæ фæууй. Нæуæг цард райгуруй хъурдохæнгæнгæй. Æма мадæн цийфæнди зин ку фæууй, уæддæр æ къохтæ алкæддæр байвазуй æ сувæллонмæ. Уотæ мадæ – республикæ дæр райвазта æ къохтæ æ сувæллæнттæмæ, æ райгурæн зæнхи фæлмæнадæ ка нæ феронх кодта, æма е æвдесуй, сæ меддуйне куд раййивта, уой дæр.

Æрхæссун æнгъезуй цалдæр дæнцæги. Кæстæр лейтенант Мамат Саден:

– Мах кишлакмæ æрбацæуиуонцæ душмантæ. Мæ нийергути мин фæннадтонцæ, нæ мæнæуæ нин райстонцæ. Сæ хæццæ райстонцæ нæ хуæрифурти. Æз тохдзæнæн революций сæрбæлтау.

Сержант Ашур:

– Æз дæн Бадахманæй. Службæ кæндзæнæн æфсади, цалинмæ Афганистани сабурдзийнадæ æрфедар уа, уæдмæ.

Уæхæн зингæ æййивддзийнадæ адæми меддуйнеи сабур нæ уагъта контрреволюций сæргълæугути, фулдæр ба æ исæзмæнтæги.

Æ сæйрагдæр æзмæнтæг ба – Рейгани администраци.

Дзæгъæли – хумæтæги нæ бабарæг кодта АЕШ-и паддзахадон секретарь Шульц, афгайнаг контрреволюцион лагертæ Пешавари бунмæ æма син загъта: «Мах сумах хæццæ ан». Пешавари лагертæ ма бабæрæг кодта Пентагони шеф Уайнбергер.

Е уобæл дзорæг æй, æма марунбæл, рæмодзунбæл æма æндæр фудмиутæ кæнунбæл еци лагерти, ка си адтæй, уони ахур кодтонцæ америкаг инструктортæ. Еци Насрулла æма æндæр уæхæнттæ, джирги архайгутæ æфсæддон дæснидзийнадæ райстонцæ Пешавари бунмæ, уони хъиамæттæ æма берæ æхцатæй неци рауадæй, куд фæззæгъунцæ, «плакали денежки», фæсокеани минæвæрттæ еци лагерти ци бахарз кодтонцæ, етæ син фæдздзæгъæли æнцæ. Сæ харз ба минкъий нæ адтæй. Еумæ, еци фæсокеани къере ка функта, етæ исхарз кодтонцæ, америкаг газетти куд финстонцæ, уотемæй миллиард доллæри. Фал ци бацæй Маланг? Куд рауадæй æ хъисмæт?

Фæстаг хатт ма ’й автор фæуууидта афгайнаг æфсади капитани дарæси. Æнæ бецъотæй æма цубурæлвид сæригъунтæ – уотемæй цума еу-дæс æнзи кæстæрхуз зиндтæй. Революций идеалтæ æ зæрдæмæ хæстæг райсгæй, æ фарс ислæудтæй, æ адæми хæццæ, æма тох кодта контрреволюций тухти нихмæ. Цæгол-Ахмат ба иссæй тæккæ цитгиндæр иуазæг Маланги батальони.



ЦÆГОЛТИ Ким (астæуæй) Афганистани.

**Финддæс æма æртинсæй анзей размæ (1946 анзи 25 феврали) ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми унаффæмæ гæсгæ Сурх Æфсад хуннун райдæдтонцæ Советон Æфсад.**


Дзæуæгигъæу. 2021 анзи 15 феврали æдзард тугъдонтæ-интернационалистти номерæн мадзали рæстæг.




# АФГАНИ ТУГЪД: Æ НАМУС ÆМА Æ РИСТ НÆ НИДÆН КÆНУНЦÆ НÆ ЗÆРДИТИ...

Æма еци анзи 29 декабри Советон Æфсади хецæн къуæрттæ æрвист æрцудæнцæ уордæмæ. Уой æнгъæл ка адтæй, æма æнæгъæнæ фараст анзи радаргъ уодзæнæй советон æфсæддонти архайд еци тогкалæн рæстæги цаути. Устур Фидибæстон тугъдæй дууæ хатти дæргъвæтийнæдæр... Сæ интернационалон ихæс Афганистани исæнхæст кодтонцæ 550 мин советон салдат æма афицери, уонæй 15 мин адæймаги фæммард æнцæ уоми тугъдон цаути рæстæг, 311 ба си æбæрæгæй фесавдæнцæ. Бæгъатæрдзийнадæ ке равдистонцæ, уой туххæй нæ тугъдонтæ хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ Советон Цæдеси æма Афганистани аллихузон паддзахадон хуæрзеугутæй, дууæ æма æртинсæйемæн ба равардтонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Дууадæс æма инсæй анзей размæ финддæсæймаг феврали Советон Цæдес е ‘фсæдтæ Афганистанæй ракодта, æма еци цау æностæмæ, зæрдæбæлдарæн бонæй финст æрцудæй. Тугъд тугъд æй, зæрдити ниууадзуй уæззау гъæдгинтæ æма содзгæ рист.

Цæгат Иристони исуйнаг хъæболтæй мин æма дууæсæдемæй фулдæр се ‘фсæддон ихæс æнхæст кодтонцæ Афганистани, уоми адæмон хецаудзийнади нихмæ архайæг душманти хæццæ карз тохи бацæугæй… Фондз æма цуппаринсæй си сæ цард равардтонцæ, се ‘фсæддон ихæс кæрæй-кæронмæ бæгъатæрæй исæнхæст кæнгæй...

Сæ рохс нæмттæ еу бон дæр нæ дзиллæй иронх некæд адтæнцæ, фал 15 феврали, сæрмагондæй сæ намусгин æскъуæлхтдзийнæдтæбæл дзорæг имисæн бони ба сæ уæлдай зæрдхъурмæй имисæн, сæ рохс нæмттæ син исцитгин кæнæн.

Æма евгъуд авдисæри, 15 феврали бабæй Дзæуæгигъæуи тугъдон интернационалистти номбæл парки син цициртдзæвæн æвæрд ес, уой рази арæзт æрцудæй номерæн митинг. Сæргубурæй хъонцгæнгæй æрæмбурд æнцæ ардæмæ æдзард æфсæддонти æма афицерти ниййергутæ, хеуæнттæ, зонгитæ, абони дæр сæ æгъатир карнæбæл ке зæрдæ ресуй, еци адæм, тугъдон ветерантæ сæхуæдтæ дæр. Райгъустæнцæ Уæрæсей æма Иристони гимнтæ. Адæм, еу усмæ æдзæмæй ралæугæй, иссирдтонцæ, еци тугъди ка фæммард æй, уони рохс нæмттæ.



Митинг байгон кодта республики ветеранти Совети сæрдар Фриати Хъазбег æма æ цубур радзубандий загъта:

– Иристони хъæболтæй берети карнæбæл уæззау фæдтæй фæззиндтæй Афганистан. Æнзтæ цæунцæ, фал не ‘дзард бæгъатæр тугъдонтæн сæ бæгъатæрдзийнадæ иронх некæд уодзæнæй абони цæрæг дзиллæй дæр æма исонибони фæлтæртæй дæр.

Митинги радзубанди кæнгæй, 58-аг æфсади командæгæнæги хуæдæййевæг, дæлболкъон Андрей Лукьяненко зæрдиагæй райарфæ кодта Афганистани тугъди архайæг ветерантæн сæ тугъдон хъиамæтти фæдбæл, уæдта абони ирæзгæ фæлтæрти ‘хсæн ци берæвæрсуг патриотон-гъомбæладон куст æнхæст кæнунцæ, уой туххæй дæр. Æма æфсади командæгæнæги номæй Кади гæгъæдитæ равардта Саппиати Викторæн, Булацати Мухарбегæн æма Сергей Алкиевæн.

Аци æмбурдмæ æрбацæуæг адæмæн райарфæ кодта нæ республики æфсæддон комиссари ихæстæ æнхæстгæнæг, дæлболкъон Априлæ Абдуллаев дæр.

Афганистани тугъди ветеранти Совети сæрдар Пхалæгати Сергей æхуæдæг æй Афганистани тугъди архайæг, бæлвурд зонуй еугур зæрдресæн цаутæ. Æ радзубандий уотæ загъта:

– Хъæбæр федарæй ми æруагæс кæнуй, догæй-догæмæ æности цитгингонд ке цæудзæнæй нæ интернационалистти кадæ, сæ тугъдон намус. Мæ зæрдæ дарун уобæл дæр, æма уони цардвæндаг дæнцæн ке уодзæнæй нæ кæстæртæн, уонæбæл ахур кæндзæнæнцæ Райгурæн бæстæ уарзун, сæребарæ æма сабур цардæн устур аргъ кæнун, – загъта Сергей.

Æдзард тугъдонти рохс нæмттæ цитгин кæнгæй, æмбурди архайгути загъд еу адтæй: «Хуцау нæ гъæуай кæнæд, уæлдайдæр ба нæ ирæзгæ фæлтæрти æма макæдбал уæд уæхæн тугъд, нециуавæр тугъд...»

Ку зæгъæн, цæй сæрбæлтау бастъалдæнцæ еци æцæгæлон бæсти тугъди æртити нæ цардбæллон фæсевæди хуæздæртæ?.. Еци фарстайæн абони дæр ма бæлвурд дзуапп лæвæрд нæма æрцудæй… Уой хæццæ ба ма еци тугъдæй ка райервазтæй, уонæмæ хатгæй цидæр æнахур цæстингасæй ракæсиуонцæ, сæ цардиуаги хабæрттæ кæмæй аразгæ уиуонцæ, уонæй беретæ. Уотæ дæр рауайидæ, æма афгайнаг тугъди архайгутæй, уæлдайдæр ба си тугъдон цæфтæй фæссахъат уогæй си ка райервазтæй, уонæй сæ барти фæдбæл æфсæддон комиссариаттæмæ кенæ бунæттон хецаудзийнади æнхæсткомтæмæ ка бацæуидæ, етæ ахид фегъосиуонцæ: «Мæнæй ци агорис?.. Æз дæ нæ рарвистон еци тугъдмæ!..»

Берæ æнæрастдзийнæдтæ æвзаргæ рауадæй еци æнæлæдæрд тугъдмæ ке рарвистонцæ æма си ка райервазтæй, уонæн. Æма тугъди гъезæмæрттæ сæмæ уоййасæбæл зин нæбал кастæнцæ, чиновникти ‘рдигæй æфхуæрдтитæ бавзаргæй. Уогæ е æндæр сæрмагонд дзубандий фарста ‘й, нур ба æримисæн еци тугъдæн æхе хæццæ баст хабæрттæй кæцидæрти.

Афганистан иссæй тугъди будур дуйней хъаурæгиндæр дууæ паддзахадей æхсæн нихмæлæуди: Советон Цæдес лæудтæй социализммæ ка томар кодта, уони фарс, Америки Еугонд Штаттæ ба адтæнцæ пусулмон бундорон динхæсгути фарс, Пакистани син аразтонцæ æфсæддон лагертæ æма моджахедтæ цæттæ кæнуни базитæ. Штаттæ фудевгед кодтонцæ Хæстæг Хорискæсæни зилди паддзахæдтæй, бустæги ба нефтæй, кæци æхсицгæ гъудæй уонæй.

Æма уæд се ’ргом разилдтонцæ Афганистанмæ – аци региони ахсгиаг стратегион цæгмæ. Ивулд цæугæдони хузæн æскъæрун байдæдтонцæ дуйней æхцатæ бунæттон къниазти къохтæмæ, кæцитæ адтæнцæ бæсти уæдиккон разамунди нихмæ.

Советон политиктæ хумæтæги нæ тарстæнцæ Афганистани Америки Еугонд Штатти гъомусадæ фæффулдæр унæй. Дæ фарсмæ фæззиннæд, лимæн, ке хæццæ нæ дæ, кæци кæсуй хорнигулæни ‘рдæмæ, уæхæн æзнæт паддзахадæ, еци гъуди бæлвурд бафтудта катаййи Советон Цæдеси разамунд. Хецаудзийнадæ сæ къохæй ервæзуй, уой Демократон Республикæ Афганистани сæргълæугутæ ку балæдæрдтæнцæ, уæд Советон Цæдесæй ракурдтонцæ, цæмæй сæмæ æрбакæна е ’фсæдтæ.

Горбачеви рæстæги адæми сæрти тъунстонцæ уæхæн гъуди, гъома, Афганистанмæ не ’фсæдтæ рарветун адтæй рæдуд, æнæсæрфатдзийнадæ, æнæпайда фæндæ. Æцæгæй ба уотæ нæ адтæй, нæ гъæуй мæнгæттæ дзорун.

Фиццагидæр. Советон Цæдеси фæсарæйнаг гъуддæгути министради, Советон Æфсади Генералон штаби, иннæ уæхæн ахсгиаг къабæзти дæснидæр специалисттæ дзæвгарæ фæррабарæ-бабарæ кодтонцæ аллихузон гæнæнтæ æма равгитæ. Гъе уой фæсте, 1979 анзи 12 декабри Политбюро рахаста унаффæ, цæмæй Афганистанмæ æрвист æрцæуа унгæггонд æфсæддон хай.

Дуккагæй. Советон хецауади сагъæсти бафтудтонцæ, 1979 анзи апърели Кабули ци цаутæ рауадæй, етæ. Анзи фæсте еугур провинцитæ дæр еумæ исхуæстæнцæ демократон разамунди нихмæ. Кабул байсун æма бундорон пусулмон динбæл хуæцгутæ хецаудзийнадæ ке райстонцæ, е фудæрдæмæ фæббæрæг адтайдæ еу рæстæги фæсте азиаг Советон республикитæбæл (уотæ рауадæй дæс анзей фæсте).

Æртиккаг. Америкæ нæ арæнти рæбунти æ радиолокацион станцитæ æма ракетитæ ку æрбунат кодтайдæ, уæд Советон Цæдес бахаудтайдæ тæссаг уавæри. Не ’фсæдтæ Афганистанмæ рагацау бакæнуни фæрци нæхе багъæуай кодтан Америкæ æма е 'рмдзæхдонти фудмиуæ æзмæлдтитæй.

Цуппæрæймаг. Афгайнаг сæрмагонд операци конд æрцудæй «уазал тугъди» рæстæгути æма не ’фсæдтæ синхон паддзахади зæнхитæмæ бакæнун Советон Цæдесæн лæвардта бæлвурд геополитикон пайда, æма гъуддаг исаразун ку бантстæй, уæд Хорнигулæни сахæй кæсгæ байзадæнцæ. Хорнигулæни паддзахæдтæ æма Америкæ сахæй кæсгæ байзадæнцæ, таси бацудæнцæ: «Советон танкитæ цалдæр боней фæсте уодзæнæнцæ Хæстæг Хорискæсæни, берæ сæ нæбал гъæуй Кувейт, Араббаг Эмираттæ æма Саудовский Аравий нефтмæ!..»

Тугъд æй хъæбæр уæззау уаргъ аллихузи дæр. Уой ци адæймаг бавзаруй, е райдайуй æндæр хузи гъуди кæнун, лæдæрун, цæрун. Фал тугъди фæсте дæр цард цæуй. Æма афгайнаг тугъди ветерантæ архайунцæ нæ фæсевæди гъомбæладон кусти, цæмæй кæстæртæ уонцæ кæдзос уоди хецæуттæ, раст æма зулун æртасонцæ, кадæ æма ихæс лæдæронцæ, цæттæ уонцæ нæ Райгурæн бæстæ гъæуай кæнунмæ.

Интернационалон ихæс федгæй, ци æфсæддонтæ фæммард æнцæ, уони ном æма кадæ æности цæрæд! Кади хæццæ е ’фсæддон ихæс ка бафиста, уони рази нæ сæртæ ниллæг æркъолæ кæнæн!

***Æрмæг бацæттæ кодта ХЕКЪИЛАТИ Маринæ.***

**Инæлар-майор, Советон Цæдеси Бæгъатæр Лев Доватори райгурдбæл 20 феврали æнхæст кæнуй æстдæс æма фондзинсæй анзи (1903-1941). Е ‘мтохгæнгутæй еу адтæй Плити Иссæ дæр. Доватори ном абони хæссуй Дзæуæгигъæуи уруххдæр гъæунгтæй еу.**

